

Patnè mwen vle resevwa tretman men li pa kapab wè yon pwofesyonèl swen sante, kisa mwen kapab fè?

Nan Massachusetts, patnè pasyan ki gen klamidya kapab resevwa tretman san yo pa bezwen fè tès. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou pou jwenn plis enfòmasyon sou **Terapi Rapid pou Patnè (Expedited Partner Therapy, EPT)** oswa ale sou sitwèb www.bphc.org/STI.

Kisa ki rive si yon moun ki gen klamidya pa trete?

Si klamidya rete san trete, li kapab lakòz pwoblèm sante ki grav anpil. Fanm yo kapab vin gen Maladi Anflamasyon nan Pèlviz (Pelvic Inflammatory Disease, PID), sa ki kapab lakòz enfètilite (pa kapab fè pilit). Klamidya kapab ogmante tou chans ou pou gen lòt maladi moun pran nan fè sèks, tankou VIH oswa blenoraji.

Yo rekòmande tès klamidya chak ane pou:

- Tout gason ak fanm ki aktif nan fè sèks epi ki pokò gen laj 25 ane
- Moun ki gen plis risk yo, tankou:
 - Sa a yo ki te fè sèks san pwoteksyon
 - Sa a yo ki te fè bagay avèk anpil patnè oswa avèk yon nouvo patnè

Ou ta dwe fè tès la tou:

- Lè ou ansent
- 3 mwa apre tretman pou yon Enfeksyon Moun Pran nan Fè sèks
- Chak fwa ou gen yon nouvo patnè si ou pa byen konnen eta sante patnè a

Pran mezi ki endike anba a yo pou redui risk pou pran yon STI:

- Sèvi ak yon kapòt latèks oswa poliyiretan oswa baryè (dig dantè) CHAK FWA ou ap fè sèks nan anis, vajen ak/oswa nan bouch.
 - Kapòt ki fèt avèk materyèl “natirèl” yo kapab pwoteje ou kont gwo sèks, men PA kont STI yo.
 - Se SÈLMAN kapòt ki ka anpeche ou gen STI yo oswa VIH, lòt fòm planing yo PAP pwoteje ou.
- Limite kantite patnè seksyèl ou yo – tank ou gen plis patnè, se tank ou ap gen plis chans pou gen klamidya.
- Pale avèk patnè ou sou kote li kanpe nan zafè STI epi pou li fè tès la.
- Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou konsènan sèks avèk plis pwoteksyon epi fè tès.
- Sonje dwòg ak/oswa alkòl kapab fè li pi fasil pou ou pa sèvi ak kapòt si ou ap fè sèks.


Abstinans se sèl fason ki sèten pou evite gen STI yo ak gwo sèks.



Pou plis enfòmasyon, ale sou sitwèb:

<http://www.bphc.org/whatwedo/sexual-health>
oswa <http://www.cdc.gov/std>

Klamidya



Boston Public Health Commission
Infectious Disease Bureau
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
www.bphc.org
617-534-5611


Haitian Creole

Kisa klamidya ye?

Klamidya se yon Enfeksyon ki Transmèt nan Sèks (Sexually Transmitted Infection (STI oswa STD) bakteri bay. Se maladi enfektye yo rapòte pi souvan nan Boston. Nan ane 2014, te gen 3628 ka klamidya nan Boston, epi 60% nan ka sa yo se te nan moun ki gen laj 15-24 ane.

Kijan mwen pran klamidya?

Klamidya simaye nan likid vajinal oswa dechaj pandan moun ap fè sèks nan vajen, anis, oswa nan bouch avèk yon moun ki enfekte. Klamidya kapab transmèt tou de manman a pitit pandan akouchman.



Ou pa kapab konnen si yon moun gen klamidya nan sèlman gade li. Pifò moun ki gen klamidya pa gen sentòm yo!

Kisa sentòm klamidya yo ye?

Pifò moun pa gen sentòm yo. Si gen sentòm ki parèt, yo ka kòmanse apeprè 1-3 semèn apre yon moun te fin enfekte epi kèk nan sentòm yo kapab se:

Pou Fanm yo:

- Dechaj iregilye (likid ki gen ti koulè jòn oswa blan) ki soti nan vajen
- Brili lè ou ap pipi
- Senyen nan mitan règ yo oswa apre ou fin fè sèks
- Si enfeksyon an simaye, ou ap santi doulè anba tivant, doulè pandan ou ap fè sèks, kèplen oswa lafyèv

Pou Gason yo:

- Dechaj iregilye (likid epè blan oswa dlo) ki koule soti nan penis la
- Doulè ak/oswa brili lè ou ap pipi
- Brili oswa gratèl toutotou ouvèti kilit la

Gason ansanm ak fanm yo kapab vin enfekte tou avèk klamidya nan rektòm yo, swa lè yo resevwa sèks nan anis, oswa lè li simaye soti nan yon lòt pati ki enfekte (tankou vajen). Pandan enfeksyon sa yo pa lakòz sentòm souvan, yo kapab lakòz:

- Doulè nan rektòm
- Dechaj
- Senyen

Konbyen tan yon moun ki enfekte kapab simaye klamidya?

Yon moun kapab simaye klamidya ba lòt moun depi kote li fin enfekte a jouk lè li trete. *Yon moun kapab simaye klamidya menm si li pa gen sentòm yo.*

Kijan mwen kapab konnen si mwen gen klamidya?

Sèl fason pou sèten ou gen klamidya se fè tès la. Pwofesyonèl swen sante ou ka mande ou pou bay yon echantyon pipi oswa yon tanpon nan kote ki enfekte a (tankou vajen oswa penis) pou li teste ou pou klamidya.

Ki kote mwen kapab teste?

Pifò pwofesyonèl swen sante yo ofri tès pou klamidya ak lòt STI yo. Pou jwenn swen sante nan yon katye ki toupre ou, rele Liy Sante Majistra a nan nimewo **617-534-5050** oswa ale sou sitwèb <http://www.hivtest.org/STDTesting.aspx>.

Èske klamidya kapab trete?

Wi. Klamidya kapab trete ak geri avèk antibiyotik. Pran medikaman an jan enstriksyon yo mande a epi pa pataje li ak okenn moun. Wè pwofesyonèl swen sante ou ankò si ou toujou gen sentòm yo apre ou fin pran medikaman ou.

Èske mwen kapab gen klamidya ankò apre mwen fin trete?

Wi. Ou kapab pran li nan yon patnè ki pa trete oswa nan yon nouvo patnè. Si ou te trete pou klamidya, li enpòtan pou patnè ou trete tou pou evite enfeksyon ankò. Toujou sèvi ak kapòt chak fwa ou ap fè sèks nan anis, nan bouch, oswa nan vajen, sitou avèk yon nouvo patnè ou pa konnen kote li kanpe nan zafè STI.